

- Si w kalifye pou yon antant pou peman, ou ka peye avans yo mande a pou kontinye ak sèvis la epi siyen antant la.

Sispansyon Sèvis san Avètisman

- Sèvis piblik la ka koupe sèvis la san li pa bay preyavi si li dekouvri ke sèvis la t ap bay ak ekipman ki trike pou fè magouy, depi li:
 - ▶ Gen prèv ki montre kliyan an pa te vin jwenn ekipman an nan eta sa oswa li te konnen (osinon li ta dwe konnen) yo pa chaje ase pou sèvis la;
 - ▶ Te eseye bay yon moun anchaj nan lokal la yon bòdwo sèvis san-kontè alekri ansanm ak avi sou kondisyon pou sèvis piblik la ka kontinye bay sèvis la; e
 - ▶ Te akòde jiska dezèdtan pou peman yon pòsyon nan bòdwo a, ki pa depase 50 pousan.

Demann ransèyman ak Plent



PSC a ap mennen ankèt ak jwenn solisyon plent onon kliyan sèvis piblik ki pa-rezidansyèl yo apre yo te fin kontakte sèvis piblik la. Pou pote plent oswa mande enfòmasyon, rele **1-800-342-3377**.

- If you have a dispute and you file a complaint with the PSC, your service cannot be shut off for the disputed amount while the complaint is being resolved and you are paying the non-disputed amount.
- Si w ap achte gaz natirèl ak/oswa kouran nan men yon Konpayi Sèvis Enèji (ESCO, Energy Services Company) epi w gen yon plent sou sèvis gaz natirèl ak/oswa sèvis kouran an, kontra lavant ou gen ak ESCO a ka preskri yon pwosedi pou depoze plent oubyen diskisyon ansanm ak pwosedi pou jwenn solisyon pou yo. Men si w kwè yo te chanje w sèvis voye l nan yon ESCO san otorizasyon w, ou ka kontakte PSC a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan www.AskPSC.com oswa rele gratis nan **1-888-AskPSC1**.

Komite Sèvis Piblik nan Eta New York
(NYS Public Service Commission)
Three Empire State Plaza
Albany, NY 12223-1350



DWA AK PWOTEKSYON OU GENYEN ANTAN KLIYAN KOURAN, GAZ NATIRÈL AK VAPÈ KI PA-REZIDANSYÈL

Règleman nan Eta New York bay pwoteksyon konplè pou kliyan ki pa-rezidansyèl konsènan sèvis piblik kouran, gaz natirèl ak sèvis vapè.

DWA AK PWOTEKSYON OU GENYEN

Aplikasyon pou Sèvis

- Yo dwe ba w sèvis piblik la anvan dis jou nòmal fin pase apre aplikasyon w lan, men kapab gen sèten kondisyon.
- Yo dwe ba w yon rezime sou dwa ak obligasyon w genyen lè sèvis ou kòmanse epi apresya omwen chak ane. Yon kopi dwa kliyan yo disponib tou sou entènèt nan www.AskPSC.com.
- Sèvis piblik ou an kapab mande pou w ranpli yon aplikasyon pou sèvis anvan yo aksepte w kòm kliyan ak ba w sèvis.
- Yon klasifikasyon sèvis se yon kategori sèvis—tankou rezidansyèl, ti komèsyal oswa gwo komèsyal—kote yo mete kont kliyan ki gen sèten karakteristik. Yon pati nan pwosesis aplikasyon pou sèvis la egzije pou w reponn kesyon espesyal ki pral ede sèvis piblik la byen klase sèvis ou. Poutèt tarif yo diferan dapre chak klasifikasyon sèvis, nan pami klasifikasyon ou kalifye pou yo a, li enpòtan pou yo mete kont ou nan sa ki ba w plis avantaj la.
- Aplikasyon pou sèvis la dwe bay yon rezime nan langaj klè sou nòm pou kalifikasyon pou divès kalite klasifikasyon sèvis yo, tarif yo ansanm ak kondisyon jeneral sèvis la. Rezime a se pou ede w konnen ki klasifikasyon sèvis ki bay plis avantaj, ak pou w konnen tou si gen yon tarif ankourajman ou kalifye pou li.

Depo

- Antan yon nouvo kliyan ki pa-rezidansyèl, ou ka oblije peye yon depo lè w ap aplike pou sèvis oswa avan w resevwa sèvis. Sèvis piblik yo gendwa egzante w depo garanti a dapre sèten kritè. Tcheke sèvis piblik ou an pou konnen règleman li.
- Si w se deja yon kliyan epi ou pa te fè yon depo garanti anvan sa nan sèvis piblik la, ou ka oblije fè yon depo pou kontinye sèvis sèlman si w te fè de oswa plizyè peman anreta nan 12 mwa ki sot pase yo, si gen enfòmasyon tankou pa egzanp yon evalyasyon finans oswa enfòmasyon ki soti nan ajans rapò kredi ki endike ou pa ka peye bòdwo ki pral vini yo, si w te aplike pou reyòganizasyon oswa fayit, oswa ou te resevwa yon bòdwo-anplis (backbill) nan 12 mwa ki sot pase yo pou sèvis ou te resevwa ak ekipman ki trike pou fè magouy epi yo pa te chaje w pou sèvis sa yo.
- Ou gen dwa pou peye yon depo yo mande w an twa tranch, men kapab gen sèten kondisyon.
- Sèvis piblik yo dwe aksepte lòt mwayen alapas depo lajan kach, tankou yon lèt kredi labank ki paka chanje san konsantman oswa yon kosyon garanti.
- Ou gen dwa pou wè kijan sèvis piblik la te kalkile depo garanti a.

Opsyon Bòdwo ak Peman

- Sèvis piblik ou an dwe tcheke kontè w la(yo) regilyèman epi chaje w dapre valè reyèl. Yo dwe pwograme kontwòl kontè yo ant 8:00 am ak 5:00 pm nan yon jou ouvrab. Nan sèten sikonstans, yon sèvis piblik ka voye ba w yon estimasyon bòdwo depi li endike aklè ke se yon estimasyon li ye.
- Ou ka resevwa yon bòdwo-anplis si sèvis piblik la jwenn li te manke chaje kont ou pou sèvis ou resevwa. Bòdwo-anplis yo ap kouvri sèlman yon peryòd dezan sof si sèvis piblik la ka pwouve kliyan an te konnen, oswa te dwe konnen yo te manke chaje l. Si chaje yo manke chaje w la se fòt sèvis piblik la, bòdwo-anplis la ap kouvri 12 mwa sèlman.

- Amann pou peman anreta sou balans ki poko peye, yo pèmèt ajoute yo sou nenpòt bòdwo ou pa peye anvan 20 jou nòmal fin pase apre dat ou te dwe fè peman an. Ou kapab jwenn tarif yo ka chaje pou kounye a nan tarif sèvis piblik ou an.
- Si w ranpli sèten kondisyon, ou ka kalifye pou peye bòdwo anreta yo pa tranch.
- Avèk kèk eksepsyon, yo dwe ofri w bòdwo dapre bidjè (oswa divize an pòsyon egal). Kontakte sèvis piblik ou an pou wè si w kalifye.

Dekonekte Sèvis Piblik

- Yo ka koupe sèvis piblik ou si w pa peye bòdwo ki anreta yo, si w pa peye montan ou dwe dapre yon antant peman, si w pa peye yon depo garanti yo mande oswa si w pa bay yon aksè rezonab pou y ale nan kontè w.



Dekonekte Sèvis

- Anjeneral yo pa ka dekonekte sèvis ou sòf si sèvis piblik la te ba w yon dènye avètisman, alekri oswa anpèsòn, avèk ase tan pou korije sityasyon an.
 - Si w resevwa yon dènye avètisman, rele sèvis piblik ou an toudabò. Si w bezwen plis ed, ou ka rele PSC a.
- Yo pèmèt dekonekte:
 - ▶ Ant 8:00 am ak 6:00 pm, lendi pou rive vandredi, anwètan jou ferye ak jou kote biwo sèvis piblik la oswa biwo PSC yo fèmen; oubyen
 - ▶ Sèlman ant 3:00 pm ak 6:00 pm nan jou ki anvan yon jou ferye ak jou anvan biwo sèvis piblik la oswa biwo PSC yo fèmen, men se sèlman si sèvis piblik la fè kontak pèsònèl avèk yon moun ki anchaj nan lokal la epi li pare pou aksepte peman pa chèk; oswa
 - ▶ Nenpòt lè gen gwo pwoblèm sekirite.
 - Ou gen dwa pou fè yon peman ba yon reprezantan sèvis piblik la genyen souplas nan moman dekoneksyon yo planifye a.